ОҚЫЎШЫНЫҢ КИТАПХАНАСЫ

КҮНХОЖА ИБРАЙЫМ УЛЫ

# ЕЛ МЕНЕН

*(ОРТА ҲӘМ ҮЛКЕН МЕКТЕП ЖАСЫНДАҒЫ БАЛАЛАР УШЫН)*

Баспаға таярлаған *Б. Исмаилов*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1975

www.ziyouz.com kutubxonasi

КК 2
К 23.

Күнхожа Ибрайым улы (1799—1880-жыллар)—қарақалпақ халқы Хийўа ханлары тәрепинен бағындырылып, зорлық пенен Хорезмге көшириллип әкелингеннен кейинги биринши шайыр. Оның творчествосы тутасы менен қарақалпақ халқының Хийўа ханларының қол астындағы аўыр турмысын сөз етеди. Ол өзиниң барлық өмири бойынша мийнеткеш халық пенен тығыз байланыста болған ҳақыйқат халық шайыры, өзи жасаған дәўирдеги жәмийетлик турмыстың ең характерли шыннлықларын көре алған ҳәм сүўретлей алған реалист.

Қолыңыздағы китапша оның ҳақыйқат мысалы бола алады.

Китапша шайырдың туўылғанына 175 жыл толыў мүнәсийбети менен „Оқыўшының китапханасы" китаплар сериясынан шығарылып отыр.

3802030000
97—75—М

**Китапшаны безеген**
Қарақалпақстан АССР халық художниги

*Кәўендер Бердимуратов.*

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1975.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ХАЛЫҚ ЖҮРЕГИНДЕ САҚЛАНҒАН ҒӘЗИЙНЕ

Уллы Октябрьдиң жеңиси, туўысқан коммунистлик партиямыз бенен ҳүкиметимиздиң дана ленинлик миллет сиясаты қарақалпақ халқына совет халықларының туўысқанлық семьясында азат ҳәм бахытлы өмир, экономикалық ҳәм мәдений гүллениўдиң барлық мүмкиншиликлерин бериў менен бирге, оның революцияға шекем дерлик пзертленилмеген ҳәм жоғалыўға бет алған әдебий мийрасларының әжайып байлықларын сақлап қалды, оларға жаңа өмир берди ҳәм үлкен даңқ алып берди. Советлик дәўир жаңа ҳәм мәңги өмир берген әдебий мийрасларымыз халықтың үлкен руўхый байлығына, жаңа советлик әдебиятымыздың бир үлкен дерегине айнала отырып, олар туўысқан халықларға Қарақалпақстанды өзбек совет шайыры, академик Ғафур Ғулам айтқандай „атақлы қосықшылар, қыссаханлар, шийрин сөзли шайырлар үлкеси“ сыпатында таныттты.

Бул әдебий мийрасларымыздың составында қарақалпақ классик поэзиясы үлкен орын тутады. XIX әсирдиң orада көрнекли шайыры Күнхожа Ибрайым улы (1799—1880-жылларда жасаған), үлкен әдебиятшымыз Н. Дәўқараевтың күтә дурыс көрсеткениндей-ақ Бердақ, Әжинияз бенен бирге классик поэзиямыздың тийкарын салыўшы болды.

Күнхожаны бизден 100 жылдай узақ бир ўақыт бөлип турады. Ал, оның дәслепки шығармалары буннан да көп жыл бурын, XIX әсирдиң басларында дөреди. Күнхожа заманына тийисли шайырдың өзи және өмир баяны ҳаққындағы жазба дереклер бизиң қолымызда жоқ. Бунының себеби бир жағынан ол ўақытта баспа сөз, китап басып шығарыўжумысының қарақалпақ турмысында жоқлығы, халықтың ғалаба саўатсызлығы болса, екинши жағынан Күнхожаның өзи сыяқлы шығармаларының да үстем топарлар тәрепинен қуўдаланыўы болды. Бул жөнинде шайыр „Сөзим пәтиўа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыз болды, сөйтип ишим дәртке толды", „Жәлладлар жүр бәрҳа мениң изимде" деп бирқанша рет налыныў менен ескерткен еди.

Бирақ Күнхожаның творчествосы революцияға шекемги қарақалпақ өмириниң барлық қыйыншылықлары менен қараңғылықларын, қуўдалаў менен қадағалаўларды өтип, бизиң дәўиримизге айырым қол жазба көширмелерди есапламағанда, тийкарынан аўызеки түрде, халық ядына жазылып, халық жүрегинде сақланып келип жетти. Олар еки мәртебе—1949-жылы ҳәм 1960-жылы көп тираж бенен китап болып басылып шығып, халықтың ҳеш ўақытта да жойылмас қәдирли ғәзийнесине айналып отыр.

Ҳәзир олар басқа да классик шайырларымыздың, фольклорымыздың шыгармалары менен бирге мектеплерде және оқыў орынларында оқылмақта.

Өз шығармаларының келешектеги бундай тәғдирине терең исенген шайыр еле өткен әсирде-ақ:

„Мен өлермен, сөзим қалар кейнимде,
Сөзим жүрер нешелердиң тилинде"

деп жазған еди.

Уллы шайырдың бул исеними бизиң дәўиримизде толық иске асты, оның шығармалары өз-ана тилинде китап болып шығыў менен бирге, рус, өзбек, қазақ ҳәм басқа да туўысқан халықлардың тиллерине аўдарылды. Күнхожаның творчествосына қарақалпақ совет әдәбиятшылары тәрепинен ғана емес, ал, көрнекли рус илимпазлары, туўысқан халықлар әдебиятшылары тәрепинен берилип атырған жоқары баҳалар оның шайырлық аудиториясының барған сайын кеңейип баратырғанының бир дәлийли.

Мысалы, атақлы тарийхшы, СССР Илимлер академиясының хабаршы ағзасы С. П. Толстов Күнхожаны қарақалпақ халқының Хийўа ханларының езиўшилигине қарсы гүресиниң идеологларынан биреўи болған әжайып шайырлардың биреўи деп баҳаласа, шығысты изертлеўши атақлы совет илимпазлары Е, Э. Бертельс оны-қарақалпақ халқының адамзат мәдениятына қосқан үлесинде үлкен орны бар шайырлардың биреўи сыпатында тилге алады. Профессор Л. Климович те Күнхожаны қарақалпақ поэзиясының горизонтын кенейткен, оған жаңа мотивлер алып кирген классик шайырлардың биреўи деп көрсетеди.

„Күнхожа-тереӊ мазмунлы қаҳарманлық ҳәм ашықлық



www.ziyouz.com kutubxonasi

дәстанларын дөреткен талантлы қарақалпақ халқының XIX әсирде күшли раўажланған жазба әдебиятының жүдә көрнекли бириншиўәкили...“ Азербайжан ССР Илимлер Академиясының хабаршы ағзасы, профессор Г. Араслының баҳасы мине усындай.

„Қарақалпақ халқы,—дейди академик жазыўшы Айбек, бай әдебий мийрасқа ийе. Ол Күнхожа, Бердақ, Әжиниязлар сыяқлы даңқлы классиклерди жетистирди“. Белгили өзбек әдебиятшысы, профессор А. П. Каюмов Күнхожа творчествосы туўралы былай дейди:

„Күнхожа поэзиясында қарақалпақ халқы жасаған конкрет тарийхый жағдайлар өзиниң реалистлик сүўретлениўин тапты... Шайыр бәрҳама турмыс шынлығын сәўлелендирди ҳәм жырлады. Оның творчествосының халықлық ҳәм демократиялық характери де мине усында“.

Белгили қазақ әдебиятшысы Б. Кенжебаев Күнхожа творчествосының қазақ халқына да ортақ екенлигин, бунын себеби шайырдың халық қайғысын баян етиўши болғанлығын айтады: „Күнхожа халық қайғысының жыршысы болды,—деп жазады Б. Кенжебаев,—ол өз шығармаларында ҳуқуқсыз мийнеткешлер массасының аўыр өмирин сүўретлейди, ханлар, байлар, моллалар ҳәм басқа да езиўшилердиң жынаятларын әшкаралайды. Сонлықтан оның тек қарақалпақлар арасында ғана емес, Приаралье және Қызыл қум қазақлары арасында да үлкен абыройға және тәсийрге ийе болғанлығы тосыннан емес“.

Бүгинги илимпаздың бул сөзиниң өткен әсирде жасаған атақлы қарақалпақ классик шайыры Өтештиң Күнхожаның өлими ҳаққында айтқан:

„Намазына халық қалмай жыйналды,
Қарақалпақ, қазағы да қыйналды“—

деген қосық қатарына толық сәйкес келиўи айрықша белгилеп өтиўге ылайық факт.

Күнхожа творчествосына берилген жоқары баҳалар басқа да туўысқан халықлар әдебиятшыларында ушырасады ҳәм бул баҳалар-шайырдың өзи беккем исеним менен айтқанындай-ақ оның шығармаларының тилден тилге жүрип атырғанының гүўасы.

Күнхожа өз шығармаларының келешегине болған бул исенимин халықтың жақтылы келешегине болған исеним менен байланыстырып түсинди. Күнхожа халықтың қан-



www.ziyouz.com kutubxonasi

дай жол менен және қандай жағдайларда, қандай көринисте және қашан бахытлы, азат турмысқа ерисиўин илимий тийкарда дурыс, анық түсине алмаса да, қалай болмасын, қашан болмасын, халыққа жақтылы, шадлы, еркин заман келетуғынлығына исенди.

„Думан басты аспан жерди,
Пухараға жаз келер ме?"—

деп ериксиз турмыс қысқысына түскен, „күнлердиң нуры жайнаған, жақты дүньяны" әрман еткен шайыр, өзиниң келешекке деген исенимин:

„Шақақ урар ақыр бир күн қыз жигит"...
„... Аспантыў-заминди алса да гүңгирт,
Жел қуўып думанды бир күн кетер булт"—деп,

баян етти.

Күнхожа өзиниң қайғысын да, шадлығын да, келешегин де халыққа байланыстырып түсингеп шайыр болды, ол өзиниң шығармаларын халық ҳаққында, халық ушын, халық тәрепинде турып ҳәм халықтың душпанларына қарсы қаратып дөретти.

Өзиниң шайырлық позициясын белгилеп: „Шайыр халықтың сөзин айтар" деп жазған Күнхожа, ҳақыйқатында да барлық шығармаларында халықтың сөзин айтты: ол халық жыршысы сыпатында өз заманындағы социаллық теңсизликлерди батыл түрде көтерип шықты, мийнеткеш халықтың класслық душпанларын аяўсыз түрде әшкаралады, халықтың оларға деген ашыў ҳәм ғәзебин тартынбай баян ете отырып, ханларды, байларды, бийлерди „жылан-шаянлар, жәлладлар" деп атады. Өзиниң барлық өмири менен, барлық шығармалары менен мийнеткеш халық шайыры болған Күнхожа қандай қуўғынға, қандай жудалыққа түссе де бағдарынан қайтқан жоқ, өзиниң мийнеткеш халық тәрепинде туратуғынлығын, соның жырын жырлап, соның муңын муңлайтуғынын, халық басына бүлгиншилик салатуғын феодаллық тәртиплер менен езиўшилерди жек көретуғынлығын айтты, халықтың наразылықларын, тилек-әрманлары менен оптимистлик сезимлерин баян етти. Бул халықлық-демократиялық ҳәм прогрессив идеялар шайырдың кең белгили „Шопанлар", „Орақшылар", „Әрманда", „Жарымадым", „Умытпаспан", „Ел менен", „Неге керек", „Жаз келер ме", "Күн қайда". „Ақ қамыс", „Сазан аў",



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Басты хор әйлер“, „Жайлаўым“ сыяқлы көн санлы қосықларында жүдә шебер берилген. Халықтың шайырдың шығармаларын пухталық пенен сақлап келиўиниң тийкарғы себеби де оның творчествосының мине усы қәсийети болды.

Бир әҳмийетли факт, Күнхожа творчествосын жыйнаў бойынша еле 30-жыллардан басланған барлық экспедициялардың материаллары оның творчествосының аўыз еки түрде болсын, қол жазба көширмелер түринде болсын мийнет адамлары (шопанлар, дийқанлар, балықшылар ҳ. т. б.) арасында кең таралғанлығын көрсетеди.

Бул жағдай Күнхожа творчествосының айқын демократиялық характериниң тағы бир белгиси болып есапланады.

Күнхожа творчествосының тағы бир тийкарғы белгиси заман шынлығын бурмаламастан реалистлик сүўретлеў болды. Ол өзиниң барлық шығармаларында тарийхый фактлерге және турмыс шынлығына садық түрде өзи жасаған дәўирдиң жәмийетлик-социаллық жағдайын дурыс сүўретледи, соның менен бирге турмысты бурмалап сүўретлейтуғын, халықтың аўыр өмирине, ҳуқуқсызлық азабына көз жумып, қарап, ханлардың, байлардың, бийлердиң сән-салтанатын жырлайтуғын шайырларға қарсы гүрес алып барды.

Күнхожа реализминиң күши XIX әсирдеги қарақалпақ өмириниң белгилеўши мазмуны болған кескин класслық жиклениўшиликти, социальлық теңсизликти, мийнеткеш халық пенен езиўшилер арасындағы турмыс жағдайы ҳәм класслық мәплер бойынша айқын қарама-қарсылықты ашып бериўинде көрипеди.

Бирнешени мақсетине жеттирип,
Бир нешени қайғы-қапа еттирип“—

—деп жазады шайыр „Жайлаўым“ қосығында.

Ал, оның „Заман“ қосығындағы:

„Қарап турсаң бул заманға,
Сондай жайсыз шыбын жанға,
Жылға-сайлар толды қанға,
Әлеўмет бул қандай заман?

... Егинлерди суўық урды,
Ерте бастан суў қурыды,
Кимлер асып кетти қырды,
Қыяңкески болды заман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Аштан өлгенлер көп болды,
Өликке жылга топ болды,
Ашлыкка аўрыў жуп болды,
Кыянкески болды заман".—

деген қатарларда халықтың аўыр салықлар ҳәм жаўгершилик, тәбият апатларына қарсы ҳәлсизлик салдарынан шеккен неше түрли жәбир-жапалары менен айралықлары конкрет ашып берилген.

Бирақ, булардың барлығы „малы барға ҳеш гәп" дейди шайыр. Себеби олар ашлық азабын да шекпейди, урыста қурбан да болмайды, жаў менен тил табысып кетеди.

Мине усылай турмыс шынлығын бурмаламай сүўретлеген шайыр өз дәўириндеги өмир туўралы:

„Әрмансыз адам жок, патша болмаса,
Байлар, молла, кәткудалар болмаса,
Әрман менен бул дүньядан өтерсең"—

деп жуўмақ жасайды. Шайырдың сүўретлеўинше ханлар, байлар, кәтқудалар тек әрмансыз турмыс кешириўшилер емес, ал халықтың шеккен жәбир-жапасының айыпкерлери.

Сонлықтан шайыр оларды „залымлар, қан ишерлер, ҳарамылар" деп атайды:

Бизиң бул заманды ҳарамы бийлеп
Заман ҳәртәрепке дөнди яранлар...
..„Залым патша зулымлығын күшейтти...
...Аласат табылса барлық ел көшер,
Көбейип тур арамызда қан ишер"

— деп баян етеди шайыр өзиниң езиўшилер ҳаққындағы пикирлерин.

Ал, езиўшилердиң харамтамақлық өмирин тәрийплеп, сонлықтан да олардың жарылқаўына миясар болып жүрген шайырларды Күнхожа:

Шайырлардың қәлем алып жазғаны,
Адамның да шаян шағып азғаны,
Тулпарлардан ябылардың озғаны,
Әжептәўир заман болды яранлар—

деп әшкаралайды.

Солай етип Күнхожа реалист шайыр да, әдебияттың реалистлиги ушын гүресши де болды.

Күнхожа шығармалары оны халық қайғысы менен, ха-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық тилеклери менен жасаўшы, өз тәғдирин халықтың тәғдири менен ажыралмас байланыста түсиниўши үлкен гуманист сыпатында да характерлейди. Барлық жерде ашлық-әптадалық, аўыр мийнет, ҳуқуқсызлық азабын шегиўшилерге шайыр тилеклеслик пенен қатнас жасаса, халықтың қыйын турмысының себепкерлерине шайыр күшли жеккөриўшилик және ғәзеп пенен қарайды.

„Мениң зарым-күнсизлердиң зарлары"—дейди шайыр өзиниң халық қайғысына ортақлығын айқын баян етип.

Шайыр мийнет адамларына терең сүйиў менен қарайды. Шайырдың барлық муҳаббаты, тилеклеслиги, ең жақсы тилеклери соларға арналған. Шайыр олардың ой-пикирлерин, минез-қулқын жоқары баҳалайды, оларды жүдә сүйкимли сөзлер менен сүўретлейди.

Мысалы, шайыр өзиниң „Шопанлар" қосығында шопанлардың қула дүзде күн-түни киси малын баққанлығын, баслары таз, бетлери тилким-тилким болып кеткенлигин, жерди төсек, аспанды көрпе етип, азып-тозып күн кеширетуғынлығын айта келип, оларды „артық ҳәммелерден ақыл-ойлары" деп жазады.

Күнхожа тағы бир қосығында аш-әптада, турмыс қысын албыраған Изимбет деген жарлыны сүўретлей келип, ол туўралы „Ендиғи адам Изимбет" дейди.

Егерде шайырдың жарлылар туўралы бул жыллы сезимин, оның Хийўа ханы туўралы атақлы „Умытпаспан" қосығында айтқан:

„Мен ойладым сол ўақытта
Хан ақылсыз деп тахтта"—

деген баҳасы менен салыстырсақ, оның мийнеткеш халыққа қаншелли сүйиўшилик пенен қарағанлығы, халыққа зулымлық еткени ушын ҳешкимди де кеширмегенлиги, ҳешкимнен де қорықпағанлығы тағы да айқын көринеди.

Шайыр езиўшилердиң ишки ифлас дүньясын, олардың жаўызлықларын, сумлықлары менен топаслықларын күшли жек көриўшилик ҳәм ғәзеп пенен сүўретлей отырып, олардың қурыўын, жоқ болыўын тилейди:

„Ғәриплердиң қара болған бахтына,
Отлар жаксам залым патша тахтына".

Ханлық ҳүкимет, оның жаўыз тәртиплери туўралы гуманист шайырдың ҳүкими, ойы-мақсети мине усындай. Күнхожа халыққа хызмет етиўди турмыстың ең үлкен ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

ең әдиўли мақсети деп есаплайды. Бул идея шайырдың атақлы „Неге керек?“, „Ел менен“ „Керек маған“ қосықларында күтә шебер баян етилген. Шайыр барлық нәрсени халыққа тийгизген қайырына, адам турмысында тутқан пайдалы орнына карай баҳалайды. Мысалы, шайыр ағын суў туўралы:

„Сарқырап суўы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса.
Ўақтында тасып--тынбаса,
Аққан суўлар неге керек?“—

десе, ал адамлардың алдына:

Халыққа сөзи жақпаса,
Дәрьядай болып ақпаса,
Елди жаўлардан бақпаса,
Қуры батыр неге керек?“—

деп талап қояды. Қулласы шайыр нени сөз етпесин, оның халық турмысына қайырын нәзерде тутып пикир жүргизеди.

Ел, халық пенен бирге болыў, соның мәпи ушын елеп соның бахыты менен бахытлы болыў идеясы шайырдың „Ел менен“ қосығында да жүдә ақыллы, жүдә тәсийирли сүўретленген:

„Аспанға ушарсаң болса қанатың,
Шад боларсаң шадлы болса елатың,..“

Халық ушын жақтылы дүнья, қатарласып қонып, парахат өмир сүретуғын қалың ел, душпанды нықырт ететуғын мәрт жиғитлер, ғәрип-кәсерге, жарлыларға қайыр ететуғын әдил адамлар халық ғамын ойлаған ҳасыл батырлар-шайыр өзинин „Керек маған“ қосығында мине усыларды әрман етеди.

Күнхожа өзи өмир сүрген сол өткен дәўирде-ақ басқа туўысқан халықлардың да сүйикли жыршысы болды. Шайырдың „Қайсы еллер, қайсы шахлар абат ты?“ деп барлық еллердеги езилиўшилердиң аўыр турмысына қыйналыўы, „Умытпаспан“ қосығында Хорезмде жасаған барлық халықлардың ортақ душпаны Хийўа ханының залымлықларын әшкаралаўы, мине усыны көрсетеди.

Ҳақыйқатында да Күнхожаның:

„Дин Хорезмге бийик әйлеген.
Удайына халыққа өтирик сөйлеген,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зулым болып ели-журтын билеген,
Залымлардан айра түсир, яраплар“

— деп жазған ғәзепли қатарларында Хорезмди жайлаған барлық халықлардың жаўыз хаиға, оның ҳәмелдарларына деген өшпенли жек көриўшилигин баян етеди.

Халық ядында сақланған бир әңгиме бойынша Күнхожа қазақ байларының ҳәм руханийларының үстинен қазақ жарлыларының арызын айтып хан алдына да барған. Бул аңызда:

„Бизиң елде Нурбай бар,
Нурбайдың жүрген жеринде
Жылаў менең ойбай бар.
Төлеген деген жорға бар,
Шоңмурын деген молла бар,
Атына жем салыўға
Алтыннан қылған дорба бар.
Кели түби деп алады.
Кеўсеним деп алады“ —

деп бай, кәтқуда, моллалардың қылўалары әшкараланады.

Бул фактлардың барлығы Күнхожа шығармаларының қоңсы жасаған барлық туўысқан халықлардың мийнет адамларына ортақлық характерин көрсетеди.

Күнхожа творчествосының бул сыпаты оның уллы түркмен шайыры Мақтумқулының творчествосына болған қатнасында да, қазақ тарийхында белгили Исатай-Мақамбет көтерилисиниң қатнасыўшысы Шерияз ақын менен дослық ҳәм творчестволық қатнасында да айқын көринеди.

Өзи өмир сүрген аўыр заманда халық қайғысына қабырғасы қайысып, халыққа бахытлы келешекти зарығып күткен шайыр:

„Қараңлар ҳаслы затыма,
Пәрят еткен бул дадыма,
Жүдеген бул елатыма,
Ақыр бир күн жаз келерме?“ —

деп жазған еди.

Шайыр баян еткен халық әрманы иске асты.

Уллы Октябрьден мәңги бахыт алған, еркинлик алған әўладлар халық әрманының жыршысы болған шайырың миннетдаршылық пенен, терең ҳүрмет ҳәм сүйиўшилик пенен мудамы ядта тутады, оның халық жүрегинде жазылып бизиң заманымызға жеткен ҳасыл дөретпелерин қәстерлеп сақлайды, оннан үйренеди.

*Б. ИСМАИЛОВ.*
*Филология илимлериниң кандидаты*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЙЛАЎЫМ

Ата журтым Туркстаннан келгели,
Ата-бабам қоныс басқан жайлаўым.
Анадан туўғалы, есим билгели,
Ойнап қатар өскен қалың жайлаўым,

Күн бойына байыр етип турақлы,
Мен кетермен әрман билен жырақлы,
Қамыс орып алтаў-жетеў орақлы,
Терис төбе, Узын қайыр жайлаўым,

Өлим хабарынан келмегей саза,
Енди айтайын сөзди аманлық таза,
Ержан атаў менен шығысы Ырза.
Теңизлерден аўқат еткен жайлаўым.

Балық аўлап, Тоқтас, Мантик бойынан,
Балық шаншып жазда жүрген ойынан,
Шаншып сайлап жүрип жайын мойнынан,
Ата-бабам аўқат еткен жайлаўым.

Аласат табылса барлық ел көшер,
Көбейип тур арамызда қан ишер,
Жетим жылап, ылақ маңырап күн кешер,
Әрман билен жүрерменбе жайлаўым?

Жайлаўым Жалайыр, Көпир ҳәм Бөгет,
Суў келерме деген бизде бар үмит,
Шақақ урар ақыр бир күн қыз-жигит,
Әрман билен қайғыда өскен жайлаўым.

Әўелҳа өскеним Көкөзек бойы,
Адамның жетер ме шуғылға ойы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пухараның таймағайлар тап-күйи,
Әрман менен өскен арзыў жайлаўым...

Бекбан шағыл, Жаңа суўдың бойлары.
Шарқыраўық, Мүйтен бөгет жайлары.
Жайылған байлардың сансыз қойлары,
Көзиме тотыя жүрген жайлаўым.

Көл саға, Айырша, Тербенбес теңиз,
Әсиресе Айыршада өскенбиз.
Бириккенде көкейлерин кескенбиз,
Әрман билен айра түскен жайлаўым.

Жайлаўым жай еди мәлим ҳәммеге,
Қудай бахыт бармедиме бизлерге?
Ҳәсиретиниң дағы енди жүзлерге,
Әрман билен қалармысаң жайлаўым.

Дәртим козғалады айтқанда сени,
Арзыў-әрман менен күйдирдиң мени,
Саў болса ақыры адамның дени,
Сәўбет қурар бирге өскен жайлаўым.

Бирнешеин мақсетине жеттирип,
Бирнешени қайғы-қапа еттирип,
Азап пенен ақыретин өттирип,
Мәжнүн киби әрманда өскен жайлаўым.

Жайлаўым, жайлаўым айтпасам болмас,
Бул азапты биз сорлыға ким қылмас?
Биз сорлыға ҳешким келип жол салмас.
Әрман билен гүзар еткен жайлаўым.

Ҳақыйқат жайлаўым болмады мениң,
Өлгенше әрманың боларман сениң.
Әрманы болар ма сенде жүргенниң,
Әрман билен гүзар еткен жайлаўым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАРЫМАДЫМ.

...Сөзимди тыңлаң халайық.
Усыма бизге ылайық?
Ортаға сөзди салайық,
Әрман менен жарымадым.

Бул дүнья өтер-кетер,
Өтпесе бир нәўбет жетер,
Мендей болған әрманда өтер,
Өмир зинҳар жарымадым.

Сөзимди жәрия әйлесем,
Қуры далада қайғы жесем,
Дин Хорезмди излесем,
Ашна таўып жарымадым.

Сабыр еттим ҳақ исине,
Унталдым азыў тисине,
Залым мөминниң исине,
Өзим өлмей дарымадым.

Күнхожа боп атым кешти,
Дүньядан еңбегим ешти,
Бир жәм етсем ақыл-ҳушты,
Жалғаншыда жарымадым.

Дүньяның таттым дузыны,
Душпан тыңламас сөзимди,
Думан қаплап жер жүзини,
Жақтылыққа жарымадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балларым отыр жалаңаш,
Күйик пенен ағарды шаш,
Атамнан қалған жүн шанаш,
Шанашқа да жарымадым.

Үлкен асым тыран шабақ,
Салып жегеним жекен табақ,
Таба алмадым баска тамақ,
Бир жутымға жарымадым...

Жетпей тапқаным жутымға,
Қамысты жақтым отынға,
Түўесилмес бул ҳалыма,
Раўа болып жарымадым.

Болмады мен сорлыда парық,
Аяғымда жаман шарық,
Астымдағы атым арық,
Көликке де жарымадым.

Мен сорлының иши дәртли,
Не қылайын мен күдиретти?
Биздейлерге бурмас бетти,
Соның ушын жарымадым.

Сөзлерим пәтиўасыз болды,
Сөйтип ишим дәртке толды,
Наинсаплар дуўры жолды,
Тутпаған соң жарымадым.

Мақтамадым аталықты,
Сөйтип еттим хаталықты,
Ол ҳәм етти жаманлықты,
Сол себептен жарымадым.

Атым мениң халыққа мәлим,
Сорлылықтан жетпес ҳалым,
Бул сөзим дүньяға мәлим,
Ақырет пенен жарымадым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЕЛ МЕНЕН

... Бирнешелер кийип қамқа - паршалар,
Алтын менен толтырса да аршалар,
Халқынды сораса залым патшалар,
Қассап яңлы күни кешер дар билен.

Адамға қаст етип, мийрими келмес,
Ким жаман, ким жақсы-парқыны билмес,
Жыласаң да көздиң жасыны көрмес,
Патшаң жаман болса күниң зар билен.

.... Бир-биреўге туўысқанлық бермек қол,
Қара түнде сәрдар болып таппақ жол,
Питиў ушын удайына оңлы-сол,
Ислеў керек барлық жағын ел менен.

Аспанға ушарсаң болса қанатың,
Шад боларсаң шадлы болса елатың,
Халқың менен болса тилек-муратың,
Узақ сапа өмир сүрсең ел менен.

Алдыңда жол баслар ағаң ҳәм болса,
Жаптан туўры ағар сағаң ҳәм болса,
Ексең гүлиң ғумшаласа, солмаса,
Кеўлиң шадланады узақ жыл билен.

Опасыз дүньяда ашылған гүллер,
Қәпәстеги сайрап турған бүлбиллер,
Дүньядағы бағыў-ҳәрем, шәменлер,
Оның рәўиши, көрки ел билен

Атқа минип даңқын көкке жетирген,
Қысымлығын күннен-күнге өтирген,
Өзине жаққанның исин питирген,
Олардың ҳәм күни кешер ел билен.



www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәзийне толысы алтын ақшаның,
Ҳәўли-ҳәрем және бағы-бақшаның,
Халықты сорап турған ханыў-патшаның,
Шалқығаны ғәрип-қәсер ел билен.

Мәрўерттен салынған сарай жайлардың,
Аспандағы жақты жулдыз, айлардың,
Малы көп дүньяда муңсыз байлардың,
Шалқыўына себеп сорлы қул билен,

Адамның көркейип адам болмағы,
Кеўили шалықлап шадлы болмағы,
Адам деген уллы атақ алмағы,
Еңгинде үйир-үйир мал билен.

Халықтың халық болып халық болыўы,
Қараңғы түнектиң жарық болыўы,
Көкиректиң шадлықларға толыўы,
Талап етсе, ҳүжим етсе ел билен.

Жамандай қылығын ҳәргиз басламас,
Тарыққанда көз жасларын жасламас,
Өмиринше өлмегенше тасламас,
Жолдас болсаң узақ жолға мәрт билен.

Мақтумқулы, Мәгрип өтти дүньядан,
Әрман менен жоллар салып қыядан.
Өте алмай бөгетсиз теңиз, дәрьядан,
Өмиринше күни өтти зар билен.

Мен йығларман көрип заманның түрин,
Бәрҳа баян етсем сөзимниң бәрин,
Душпанларым жайды өзиниң зәҳәрин,
Көзим гирсўленди бәрҳә түн менен.

...Мен йығларман, ҳаққа палыс етермен,
Бул дүньяда, бул қәпесте нетермен?
Әрман билен даўаласып кетермен
Өлгенимше ыразыласып ел менен.

Мақтумқулы, Мәгриптей алдыңды болжа,
Өлген соң аларсаң тилиңнен олжа,
Қысқарт сөзди соры қайнаған Күнхожа,
Өлгениңше хошласып кет ел менен.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕГЕ КЕРЕК

Сайраған булбил болмаса,
Иши ҳаўазға толмаса,
Бәрқулла жайнап турмаса,
Ашылған гүл неге керек?

Сарқырап суўы ақпаса,
Еккен егинлер қанбаса,
Ўақтында тасып-тынбаса,
Аққан суўлар неге керек?

Узақтан көзге түспесе,
Шамалы қатты еспесе,
Төбеси бултқа тиймесе,
Асқар таўлар неге керек?

Жадырап жазы болмаса,
Шуўақлы көгал қылмаса,
Өз ўақытында жаўмаса,
Кара жамғыр неге керек?

Көрген нәрсени алмаса,
Пәтленип қанат қақпаса,
Жоқ жерден аңды таппаса,
Қаршыға қус неге керек?

Қарасын үзин кетпесе,
Артықша қарыў етпесе,
Қашақ қоянға жетпесе,
Қайың тазы неге керек?

Озалда төсин кермесе,
Танлап ҳәм жемлер жемесе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Байрақтан озып келмесе,
Дал бедеўлер неге керек?

Беллерин беккем буўмаса,
Өткен өшлерди қуўмаса,
Анадан артық туўмаса,
Пасық перзент неге керек?

Бойы күн сайын өспесе,
Душпан көкейин кеспесе,
Таймай гүреске түспесе,
Қорқақ палўан неге керек?

Халықтың арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳәм тоққа қарамаса,
Аўан басшы неге керек?

Халыққа әдил болмаса,
Жылағанды жубатпаса,
Халық татқанды татпаса,
Тахт ийеси неге керек?

Еки жақты тең көрмесе,
Дуўры әдиллик бермесе,
Дурыслықты сөйлемесе,
Кәтқудалар неге керек?

Ашқа қайыры болмаса,
Майға қарны тоймаса,
Дүньяның жүзин шолмаса,
Аса байлық неге керек?

Ата-анасын күтпесе,
Айтқанларын ҳәм етпесе,
Атам ҳәм анам демесе,
Жаман перзент неге керек?

Күндей күлип жайнамаса,
Бүлбил болып сайрамаса,
Қуўанысып ойнамаса,
Қуў өмирлер неге керек?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЗ КЕЛЕР-МЕ?

Даўыл болды үргин үрди,
Қосымның қамысын түрди,
Думан басты аспан-жерди,
Пуқараға жаз келер ме?

Тамағым жоқ ишериме,
Көлигим жоқ көшериме,
Төсегим жоқ төсериме,
Биз сорлыға жаз келер ме?

Жанымды алды сыран суўық,
Зарпынан жарылды уўық,
Өмиринше көрген хорлық
Пуқараға жаз келер ме?

Жүрген жерим Айырша атаў,
Аяғыма салды матаў,
Қай ўақытта тарқар татаў,
Бул хорлықта жаз келер ме?

Ағалар бул ис әбести,
Қашан жыйнар адам ести,
Теңизлер сеңге сирести,
Бул суўықтан жаз келер ме?

Теңиз ашшы, суў сорлақ дуз,
Қостың иши болып тур муз,

---

*„Жаз келер-ме?"* қосығы бурынлары надурыс түрде Бердақтың топламларына кирип кеткен еди. Күнхожаның 1960-жылы шыққан китабынан баслап бул қосық Күнхожаның топламына кирди. (*Б. И.*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Eң жаманы болып тур гүз,
Қыслар өтип, жаз келер ме?

Арқам Тоқтас, суўы терең,
Адам бармас үлкен өзен,
Бир басымда ахырзаман,
Пухараға жаз келер ме?

Жалайыр көпир бойында,
Күн бермеген ҳал қыйында,
Адамның усы жайында
Қыслар кетип, жаз келер ме?

Қара суўық қысты елди,
Бултлар басып тениз, көлди,
Әбдижамилдиң улы өлди,
Мен сорлыға жаз келер ме?

Душпанды көргеним намыс,
Жаққаным толқынсақ қамыс,
Енди қалай күн қыламыз,
Сорлыларға жаз келер ме?

Аўылда маллар қалмады,
Сыран суўықлар жалмады,
Сыр айтар ўақыт болмады,
Аласатта жаз келер ме?

Әсиресе қытай бүлди,
Қосыла қоңырат ҳәм бүлди,
Қырар болды суўық елди,
Биз сорлыға жаз келер ме?

Қызыл тилим болды айғақ,
Аяқ бассам бәри тайғақ,
Көз салмайман екен қаяқ,
Биз сорлыға жаз келер ме?

Көсилип жатар үйим жоқ,
Ийинге тартар кийим жоқ,
Тоқтан бизлерге буйым жоқ,
Мен сорлыға жаз келер ме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалғыз туўысқан ағамның,
Аққан дәрьядай сағамның,
Өкпе менен қолқамның
Баласы ушын жаз келер ме?

Бул жалғаншы дүнья қайда,
Таба алмадық излеп пайда.
Болды азап бәрҳа ойда,
Шықпай отыр, гез келер ме?

Қараңлар ҳаслы затыма,
Пәряд еткен бул дадыма,
Жүдеген бул елатыма
Ақыр бир күн жаз келер ме?

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕРЕК МАҒАН

Ашылған гүл ғомшаланған,
Ишинде бүлбил сайраған,
Күнлердиң иуры жайнаған
Жақты дүнья керек маған.

Мунарланған асқар-асқар,
Жүзи нурлы келбети бар,
Бауыры пүтин бир қуба нар
Сауыу ушын керек маған.

Дүр-дүр силкинип ойнаған,
Ҳәр нәрселерди ойлаған,
Күн сайын өсип жайнаған
Жаңа өспирим керек маған.

Қатарласқан қалың ел,
Жағалатып ҳәм шапқан шел,
Мойыны қулаш қыпша бел,
Сүйиу ушын керек маған.

Кекил-жаллы, қайшы қулақ,
Сауырысы искен талақ,
Шаршамастай полат туяқ,
Дал бедеулер керек маған.

Тумағасы зерли ғүмис,
Бағ ишинде түрли жемис,

---

„*Керек маған*" қосығы да „Жаз келерме?" қосығы сыяқлы бурынлары Бердақтың топламларына кирген. Бул да Күнхожаның 1960-жылғы шыққан топламынан баслап дүзетилди. (*Б. И.*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳеш жеринде болмай кемис,
Жүрген қуслар керек маған.

Шыққан шарықлап аспанға,
Урған тайынбай душпанға,
Ишин толтырған пушпанға
Мәрт жигитлер керек маған.

Душпанға жайын айтпаған,
Яр-досларын мунайтпаған,
Қорқып ҳеш жерден қайтпаған
Ғайратлылар керек маған.

Майрылмай ҳешбир туяқтан,
Тери төгилип қулақтан,
Озып келген ҳәр байрақтан,
Дал бедеўлер керек маған.

Өтирик сөзлер айтпаған,
Өзин-өзи уялтпаған,
Дос баласын жылатпаған,
Әдил ерлер керек маған.

Саясын салған пақырға,
Суўлар жеткерген тақырға,
Ақсақ-майып ҳәм соқырға
Қайыр еткен керек маған.

Беллерин беккем байлаған,
Ат шаўып жаўдан қорғаған,
Халықтың ғамын ойлаған,
Ҳасыл батыр керек маған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УМЫТПАСПАН

Өмиримде бир ис көрдим,
Буны ҳеш ўақ умытпаспан.
Жаңа едим ҳәм гөнердим,
Оны ҳешўақ умытпаспан.

Хийўа ханнан адам келди,
Шуўлатып ҳәм барлық елди,
Қайыстырып мықлы белди,
Буны ҳешўақ умытпаспан.

Шыбын жанға ғәзеп етти,
Сонда бизге дерек жетти,
Хийўа ханы алып кетти,
Бунығдағы умытпаспан.

Айдады бизди Хийўаға,
Қоймай бир майдан саўаға,
Дәрт үстеме болды даўаға,
Буны ҳешўақ умытпаспан.

Қайыққа миндик дарғада,
Көп ойландық ол жағада,
Жыласты ини, аға да,
Буны ҳешўақ умытпаспан.

Дарғадан өттик аржаққа
Интизар болдық бержаққа,

[1] Хийўаның ханы Мәдемин өзин мақтатыў ушын ханлық сорамындағы шайырларды, солардың ишинде Күнхожаны да мәжбүрлеп Хийўаға алдырған. Бул қосық сонда шығарылған (*Б. И.*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Журесең деди сол жаққа,
Онысағы умытпаспан.

Бес-алты бақсы қуралды,
Бул истиң жөни соралды,
Кеўил ҳәр иске таралды,
Өмиримше умытпаспан.

Көз жас төгилип далаға,
Қарамай ата балаға,
Келдик атақлы қалаға,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Үш ағаш тур кең майданда,
Орналасып қызыл қанға,
Қыйылып ҳәм шыбын жан да
Турғанларын умытпаспан.

Бул дар екен көринген,
Көп адамлар илдирилген,
Табанлары тилдирилген,
Буларды ҳеш умытпаспан.

Адам өлген жайып қушақ,
Көздиң жасы моншақ-моншақ,
Қолларында өткир пышақ,
Жәллатларды умытпаспан,

Кирдик қалаға тез жүрип,
Анталады ийтлер үрип,
Тахт үстинде дәўран сүрип,
Турган ханды умытпаспан.

Ертеңине ханға бардық,
Жай-жағдайды ҳәм де айттық,
Етти бизлерге жаманлық,
Буны ҳешўақ умытпаспан.

Жыйылыпты гүллән бақсы,
Кими жаман, кими жақсы,
Жасаўыллар болып сақшы,
Сынады сонда бизлерди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсы болса айтқанлары,
Ҳәм даўысы шыққанлары,
Босаң ҳәм де шаққанлары
Деп сынады Хийўа ханы.

Соңғы күни келди гезек,
Жаз күнлер ҳәм болды гүзек,
Болдым сонда жетим гөжек.
Ақ бетимниң қашты қаны.

Шерттим дуўтар, айттым қосық,
Кеўилимде қайнап қосық,
Табылмады ҳешбир дослық,
Көбейди көптиң душпаны.

Бақсыларға байрақ берди.
Жақсыларды жаман көрди,
Лапгөй деп шаўқым көтерди,
Мен оларға ҳеш жақпадым.

Әкелди алдыма түйе,
Жағылды бетиме күйе,
Өлимтикке болдым ийе,
Буны ҳешбир умытпаспан.

Хийўа хан келди қасыма,
Салды зәўлимди басыма.
Қарамай аққан жасыма,
Аққан терди тыңламады.

Қотыр түйе байрақ алдым,
Басқасынан қуры қалдым,
Умытпасқа ойға салдым,
Өмирликке тамға етип.

Мениң арым келди оған,
Келе алмады тамыр-туўған,
Бизди буған несип қылған,
Умытпаспан өлгенимше.

Мен ойладым сол ўақытта,
Хан ақылсыз деп тахтта,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өз исиме болып пухта,
Купиялап қосық айттым.

Хийўадан алған сыйым сол,
Аўылға қарап тарттым жол,
Байланды әбден еки қол,
Бул хорлықты умытпаспан.

Қайтып Хийўаға келмеспен,
Сөз айтты сирә демеспен,
Өз еркимди ҳеш бермеспен,
Хорлықларын умытпаспан.

Хорлығы өтти өзиме,
Жаслар келтирди көзиме,
Қалғанлар қарар сөзиме,
Бунығы умытпаспан.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮЙЕ ЕКЕНСЕҢ

Шөк дегенде шөгермисең?
Көп жасаған түйе екенсең.
Тохтамыстан арраҒырақ
Шыңғыс ханды билермисең?

Сизге айтаман түйе жора,
Бир көзиң гөр, арқаң жара.
Пириңиздур Ойсыл қара,
Оны нарым билермисең?

Жанлық пири Шопан ата,
Малдың пири Зәңги баба,
Жылқы пири Жылқышы ата,
Оларды ҳәм билермисең?

Патшалық жол соннан қалған,
Қусты жыйнап заўал салған,
Жер жүзине патша болған
Сүләйманды билермисең?

Түйе болсаң малдан озған,
Буўра көрсең арқаң қозған,
Шилпе-шилге көзиң тозган,
Бәрин түйем көрермисең?

Қозғалмайсаң тийгендей оқ,
Мойынында әжел қурық,

---

„*Умытпаспан*" қосығынан белгили болғанындай-ақ Күнхожа ханды мақтамаған. Сол ушын хан оны масқаралаў ушын соқыр түйе берген. „Түйе екенсең" қосығы сол бәне менен жазылған, шайыр ханның өзин шерменде еткен. (*Б. И.*)



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтқанымнан хабарың жоқ,
Бир жуўабын бермерсең?

Шылбыр емес, буйдан аўыр,
Қуртлар жеген қатпа баўыр,
Өзиң арық, арқаң жаўыр,
Туўғаныңды билермисең?

Шыңғыс ханнан берре гирек,
Мәдеминнен арранырак,
Кийип өткен зер-зербарақ,
Мәдирейим ханды билермисең?

Адамзат пенен исиң жоқ,
Ийелер сени кисиң жоқ,
Аўызыңда жалғыз тисиң жоқ,
Жантақ жеўди билермисең?

Ойлап, ойлап, ойлап турсам,
Шәҳәрге пайтах жар урсам,
Төбелеп ет қылып сойсам,
Насыбай пулы болармысаң?

Патшаның сенсең жас малы;
Уқсаған малға дусмалы,
Мәдемин ханның бас малы,
Жети атанды билермисең?

Жаҳанның келген апаты,
Шахның берген бизге аты,
Хийўа ханның зияпаты,
Жол қәрежет болармысаң?

Семирсин деп жем берди ме,
Жем берсе де кем берди ме,
Қаңтарыпты, дем берди ме,
Буны нарым билермисең?

Кел дегенде келермисең,
От жеймен деп жүрермисең,
Көзиң соқыр, суўсармысаң,
Усы ўақытта өлермисең?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенде қуўрап қалған тикеш,
Ат қошшылар, буйдасын шеш,
Қара буўра, қыйсық өркеш,
Заманыңда түйе екенсең.

Өспей, шықпай қалған жүниң,
Өзи жасық арық етиң,
Ҳарам өлип, дүзде көниң
Қалатуғын түйе екенсең.

Күлки болып ярға, досқа,
Шежиредеги қалған пусқа.
Буннан жақсы кеткен босқа
Көп жасаған түйе екенсең.

Айыры өркеш, келбетиң зор,
Көп жас минип, қурыпты тор,
Қартайғанда болыпсаң хор,
Заманыңда түйе екенсең.

Сеннен туўған тайлақ болса,
Бул да берген сыйлық болса.
Төлиң менен байрақ болса.
Өнип-өсер түйе екенсең.

Көп жасаған түйе олжа,
Мақтымқулыдай алдың болжа,
Әўере болған Күнхожа,
Көп жасаған түйе екенсең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КҮН ҚАЙДА?

Ордық орақ, шаптық отын, қаздық жап,
Тердик масақ, ийнимизге салдық қап,
Жас өмирлер гүлдей солып болдық сап,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Орақ орып, өмир бойы болдық қул,
Ислесек те алалмадық қара пул,
Не жананлар байы өлип қалды тул,
Енди оған жайнап—жаснар күн қайда?

Күни-түни ордық пишен, салыны,
Гүздиң күни жыйдық пискен тарыны,
Өмиринше бир тоймаған қарыны,
Аш, жалаңаш биз сорлыға күн қайда?

Салық салып усы ҳалга ҳәрдайым,
Салығын салыўға биз болдық қайым.
Бир жутым бул ўақта болды ўуайым,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Ийинге тартарлық және жоқ кийим.
Ҳәм де ағайин жоқ, қәўендер бейим,
Көсилип жатарға және жоқ үйим,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Тапқанымыз жетпей қара теңгеге,
Аўыстырып кийим алып киймеге
Ҳәм базарлық қатар-қурбы, жеңгеге,
Алып барар енди бизге күн қайда?

Не пайда, жигитлер, жалғаншы дүнья.
Алдады бизлерди жол салып қыя,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара басқа бул не деген ўақыя,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?

Ашығың бар еди талмадай бойы,
Қатарынан артық ақыл ҳәм ойы.
Болар деп қуўанған жақсылық тойы,
Жийемурат, көретуғын күн қайда?

Жийемурат, сениң менен едим дос,
Жер айдасам бирге барып салдым қос,
Жоқшылықтан қалдың мине бүгин бос,
Әрманыңа жететуғын күн қайда?

Буяқтағы көрген хорлық, азапты,
Күн-түни еткен аўыр талапты,
Шай орнына ишкен айран-шалапты,
Дос-яранға айтатуғын күн қайда?

Қайғыдан қарайып қайнаған күши,
Билектен майрылып жоқ болған күши,
Сайымбетжан едиң бизлерден киши,
Сақтың сынбай жүретуғын күн қайда?

Бес жасында ағаң менен қой бақтың,
Сен шопаны болдың майда ылақтың,
Жол тап, жан шырағым, сынбасын сақтың,
Жайнап-жаснап жүретуғын күн қайда?

Қасымдағы еки бирдей жолдасым,
Қайғыларға түсти мениң бул басым,
Көзден көл-дәрья боп ақтылар жасым,
Бул дүньяға шыққан менен не пайда?

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОРАҚШЫЛАР

Полат орағы қолында,
Жүрген талаптың жолында,
Атыздың оңлы-солында
Жүрген күн-түн орақшылар,

Ийнинде күнлик шапаны,
Пақалға тырналып саны,
Бәрқулла қыйналып жаны
Атызда жүр орақшылар.

Беллери төмен бүгилип,
Оннанда бетер ийилип,
Көзинен жасы төгилип,
Зар жылап жүр орақшылар.

Туўылған жерлерин сағынып,
Қайғыдан ҳайкел тағынып,
Ҳал сорасқанға шағынып
Қайғыда жүр орақшылар.

Өскен жерине жете алмай,
Жумысты таслап кете алмай,
Асқар қумлардан өте алмай,
Қайғыда жүр орақшылар.

Тапқаны жетпей тыйынға,
Иси айналып қыйынға,
Келе алмай тойға, жыйынға,
Зар жылап жүр орақшылар.

Орақшылар ойлапады,
Тәнде жаны қыйналады,



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

Жипсиз киби байланады,
Ҳақы аздур, мийнети көп.

Не қылсын олар қыйланбай?
Жумыс ислейди бир тынбай,
Аўыл-елине қайта алмай,
Жүрген мынаў орақшылар.

Қарасаң жүзлери сары,
Орғанлары пулсыз тары,
Бул ислерге келип ары,
Жүрген мынаў орақшылар,

Аўылға аман қайтқайсыз,
Балаларыңды қуўантқайсыз,
Душпанларды муңайтқайсыз,
Хош аман бол орақшылар.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШОПАНЛАР

Сарылып күн-түни қойдың изинде,
Қан қалмай саргайып қызыл жүзинде,
Қанлы жас қапланып еки көзинде,
Қула дүзде журген мынаў шопанлар.

Ийнинде жумыры салынған торға,
Меслерин арқалап қозғалып зорға,
Төслери қайқайып шыға алмай қырға,
Ас́қар қумды аралаған шопанлар.

Шарықтан шырмалып еки аяғы,
Аўыр болып талдан кескен таяғы,
Аўыр сөзге ҳәм сарсылып қулағы,
Қула дүзде қайғыда жүр шопанлар.

Үстинде шапаны бийтлери ағып,
Қанын сорып, арқасына от жағып,
Тикен кирип аяғынан қан ағып,
Етиксиз тоғайда жүрген шопанлар.

Киминиң арқасын таяқлар тилген,
Биразының қолы отларға күйген,
Жасы жетпей қыпша бели бүгилген,
Сансыз қой кейнинде жүрген шопанлар.

Ата-аналары өлип жасынан,
Таз болып, торағы ағып басынан,
Қызыл-қум сел болып көздиң жасынан,
Жай табалмай жүрген мынаў шопанлар.

Аш болса кийнине ермей ийтлери,
Тарыққаннан тарғыш болып бетлери,



www.ziyouz.com kutubxonasi





www.ziyouz.com kutubxonasi

Қус түткендей тилким-тилким етлери,
Азаптан шыға алмай жүрген шопанлар.

Жетим болып шарға болған бойлары,
Артық ҳәммелерден ақыл-ойлары,
Қайысып баққаны байдың қойлары,
Бир ылаққа үш жыл жүрген шопанлар.

Қайнаған ыссыда қумларды басып,
Алаңлап көзлери. ақылдан сасып,
Қойы жайылғанда арқасын қасып,
Күни ушын жүрген ғәрип шопанлар.

Беллери бүгилип, көзлери тынып,
Жата алмай дем алып бир майдан жылып,
Топыраққа былғанып, терлери ағып,
Төсексиз далада жатқан шопанлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## САЗАН АЎ

Салдым сени көлге апарып,
Түсер ме деп сазанлар.
Табанымды тас қопарып,
Қайнарма деп қазанлар.

Қарап көрсем бүгин барып,
Сазан түўе шабақ жоқ.
Қара суўды келдим жарып,
Емес мениң қарным тоқ.

Сени салып қара суўға
Ҳешбир пайда таппадым.
Оқты атып ушқан қусқа
Төсликлерин жаппадым.

Әрманым көп кеўилимде,
Сазан балық түспеди.
Қайыстырды қайғы мени,
Ҳешбир исим өнбеди.

Не болғаны талабыма,
Қыр шығады удайы,
Жалғыз балық болмаса да,
Мен айтпайман қудайы.

Қайығым жоқ, жекен салда
Таянаман таяўды,
Басқа нәрсе жоқ ғой қолда,
Салмасам мен бул аўды.

Бизиң талап келиспеди
Қанша ғайрат салсам да,
Илгерилеп не өнбеди,
Мудам таққа турсам да...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚ ҚАМЫС

Жапырағың сарғышланып,
Көринеди көзиме,
Қайғы менен көп қыйналып,
Уқсатаман өзиме.

Жапырағың жасыл емес,
Сарғайыпты ҳәммеси.
Бойларың да бир тең емес,
Қаплап қайғы пердеси.

Көп шөллепсең, суў ишинде
Батып-шүмип турсаң да,
Қалтырайсаң жел песинде,
Сонша тамыр урсаң да.

Тамырыңның пайдасы аз,
Беркиспеген ылайға,
Тоқсан түсин, болмады жаз,
Биз не қылдық қудайға?

Ескеп самал сени қозғап,
Қайыстырды белиңди,
Ушырады ер жетпестен,
Гумшаланған гүлиңди.

Қарап турсам, қарап турсам,
Сарғаймаған жериң жоқ,
Ислериңди ойға алсам,
Жақтыға шығар сира күниң жоқ.

Қара берман, қамыс, сен де
Қуўрама суў ишинде,
Сендей болып турман мен де,
Көк тайғақтың үстинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗЫЛ ҚУМ

Мунарланып көринесең алыстан,
Не қыйын ислериң өттилер бастан,
Сениң тәрийпинди етейин дәстан,
Қырымның қырындай түриң Қызыл қум.

Басында маялыш, шеңгел, сексеўил,
Жыңғылың тағы бар сениң Қызыл қум.
Шыққан шөплериңе мен қойсам кеўил,
Келбетиң сонындай сениң Қызыл қум.

Қара таўдан кейин емес келбетиң,
Думан менен толып турады шетиң,
Үргин үрип, оған бурылса бетиң,
Ағысты бөгейди пәтиң Қызыл қум.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЎ ТОРҒАЙ

Жаў шымшық жүдә көп болды,
Жүўеримди жеп болды,
Карнына барып нуп болды.
Баян етсем жаў торғайды...

Жуўырып барып қос айдап,
Қуралына қарап тос айдап,
Бар күшимди толақ әйлеп
Сөз етемен жаў торғайды.

Арбалап төгин төккендей,
Тақыялап тухым сепкендей,
Асымды жеп бир еккендей,
Не қыламан жаў торғайды?

Дәнди себип мушым түйе,
Баратыр ишлерим күйе,
Мийнетиме болды ийе,
Не қыламан жаў торғайды?

Тумсығын тығып дәниме,
Қол салды мийнет кәниме,
Жаў шығар деймен тәниме,
Не қыламан жаў торғайды?

Еккен тарым болды ушық,
Ислерим болды қыйыршық,
Ҳәр жүўериге бир шымшық,[1]
Не қыламан жаў торғайды?

---

1. Шайыр бул жерде „Ҳәр жүўериге бир шымшық“ деп, жаў торғай деп хан ҳәмелдарларын, салық жыйнаўшыларды айтып отыр. (*Б. И.*)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаў торғай ақды алдырды,
Есимди және талдырды,
Бала-шағаны напақасыз қалдырды,
Не қыламан жаў торғайды.

Ол да бизлердей болғай,
Үнемсиз шырлап қалғай
Бизлер бир муҳмин боз торғай,
Не қыламан жаў торғайды?

Айтайын анық сөзимди,
Солдырар мынаў жүзимди,
Ушырмасам шоқыр көзимди,
Мурдар нәлет жаў торғайды!

Ушырсам уллы даў болды,
Маған бир жаман жаў болды,
Алдыма қурған аў болды,
Не қыламан жаў торғайды?

Жаў торғайды жылан соргай,
Алысыўға ара шалғай,
Жақын достым қара торғай,
Жоқ қылайық жаў торғайды!

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЙ БАЛАСЫ

Астына минип жорғаны,
Кийиниц өцкей торқаны,
Қасында болыс, норқаны,
Сондай болар бай баласы.

Тарлықты ҳешбир ойламас,
Ылақ шаўып, тойдан қалмас,
Айтқанына қулақ салмас,
Менмен болар бай баласы.

Жаман болса да жақсыдай,
Атағы бар сондай-сондай,
Келген сөзлерден тартынбай,
Сөйлер еркин бай баласы...

Болсадағы мурны пушық,
Мыңқ-мыңқ етип айтар қосық,
Келбетин қарасаң пасық,
Сонда да зор бай баласы.

Болса да арқасы бүкир,
Ҳалын билип етпес шүкир,
Иши толған қара пикир,
Арданлайды бай баласы.

Аўызы жырық болса дағы,
Еситпесе де қулағы,
Қыйсық болса да аяғы,
Дүзиў сәнли бай баласы.

Болса дағы көзи соқыр,
Етсе дағы мурны пыр-пыр.
Тойда көрсең алдыда отыр,
Кеўли өсип бай баласы...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


**Б. Исмайлов.** Халық жүрегинде сақланған ғэзийне . . . . . . . . . 5
Жайлаўым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 14
Жарымадым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Ел менен . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 18
Неге керек? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Жаз келерме? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
Керек маған . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Умытпаспан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Түйе екенсең . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Күн қайда? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Орақшылар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Шопанлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Сазан аў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Ақ қамыс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Қызыл қум . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Жаў торғай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Бай баласы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Әдиўли балалар!

## „Қарақалпақстан“ баспасы 1975-жылы Сизлер ушын мына төмендеги китапшаларды басып шығарады:

**Қулмурат шайыр.** **Он тоғыз.** Поэма. Көлеми 0,5 баспа табақ, Тиражы 10000 дана.

**Х. Сапаров.** **Мениң кунлерим.** Қосықлар ҳәм поэмалар. Көлеми 2,0 баспа табақ. Тиражы 5000 дана.

**Әжинияз** **Бозатаў.** Поэма. Көлеми 0,5 баспа табақ. Тиражы 7000 дана.

**С. Пиржанов** **Байтерек.** Қосықлар. Көлеми 0,5 баспа табақ. Тиражы 5000 дана.

**У. Кәримуллаева.** **Кемпир апамның ертеклери.** Гүрриңлер. Көлеми 1,0 баспа табақ. Тиражы 7000 дана.

**Ә. Сейтжанов.** **Ақ бузаў.** Қосықлар. Көлеми 1,5 баспа табақ. Тиражы 7000 дана.

**М. Нугманов.** **Кукушкино танлары.** Қосықлар. Татар тилинен аўдарған Ж. Аймурзаев. Көлеми 1,0 баспа табақ. Тиражы 5000 дана.

**С. Нурымбетов.** **Фарҳад.** Поэма. Көлеми 0,5 баспа табақ. Тиражы 10000 дана.

*Бул китаплар көркем безелинеди. Бул китапларды сатып алың, жас дослар!*

www.ziyouz.com kutubxonasi

На каракалпакском языке

Кунходжа Ибрайым улы

# С НАРОДОМ

(для детей среднего и старшего школьного возраста)

Выпущена из серии. „*Библиотека школьника*"

Подготовил к печати
кандидат филологических наук*Б. Исмаилов*

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1975.*

Редактор *Толыбай Қабулов*
Худредактор *Қ. Нажимов*
Техредактор *А. Турдымуратов*
Корректор *Т. Турдымуратова*

Териўге берилген ўақты 6/III—1975-ж. Басыўга рухсат етилген ўақты 17/IX-75-ж. Қагаз форматы 60x84$^1/_{16}$ Көлеми 3,25 баспа табақ. 1,9 есап баспа табақ. РК 30834. Тиражы 10000. Баҳасы 16 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы. К. Маркс көшеси. 9.

Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Баспа сөз полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының „Правданың" 50 жыллыгы атындагы Нөкис полиграфкомбинаты.
Заказ № 137.

www.ziyouz.com kutubxonasi